

Lopital Stamford ofri yon pwogram èd finansye ki ede pasyan kalifye ki san asirans oswa ki gen asirans ki pa sifi. Règleman Èd Finansye a kouvri sèlman ijans ak sèvis swen medikal ki nesèsè, ki gen ladan sèvis Lopital ak kèk sèvis sèten doktè ofri ak kèk lòt anplwaye nan Lopital la. Lopital la angaje pou founi sèvis medikal pou kominote sa a kèlkeswa kapasite li pou peye.

REZIME ÈD FINANSYE A NAN LANGAJ ÒDINÈ

Pwogram Èd Finansye (PAF)

Pou satisfè kritè finansye yo, revni anyèl moun nan kay la pa dwe depase kantite lajan ki pi ba a ki se kat fwa Direktiv Povrete Federal la.

Tay Fanmi an	Revni pou lane a	Revni pou mwa a	Revni pou semèn nan
1	\$48,240	\$4,020	\$928
2	\$64,960	\$5,413	\$1,249
3	\$81,680	\$6,807	\$1,571
4	\$98,400	\$8,200	\$1,892
5	\$115,120	\$9,593	\$2,214
6	\$131,840	\$10,987	\$2,535

Kòman pou fè demann:

Tout moun ki mande Èd Finansye dwe ranpli yon aplikasyon.

Kopi Rezime Èd Finansye nou an, Règleman Èd Finansye ak Fòmilè Aplikasyon yo disponib sou sit entènèt nou an, <https://www.stamhealth.org>

Ou ka mande tou yon kopi Règleman sou Èd Finansye ak yon aplikasyon nan: imèl CustomerServiceR@stamhealth.org oswa lè ou rele Sèvis Kliyan an nan (203) 276-7572 oswa pa faks nan (203) 276-7093 oswa an pèsonn nan zòn Enskripsyon yo, Biwo Dafè yo e Biwo Konseye Finansye yo oswa nenpòt nan biwo nan sit alantou yo (gade règleman).

Yo ka refize Aplikasyon FAP si pasyan yo kalifye pou lòt sous finansman oswa pwoteksyon tankou Echanj Asirans Sante (QHP), Konpansasyon pou Travayè, Responsablite, Aksidan Veyikil amotè (MVA) oswa [1] Medicaid, men yo pa vle fè demann oswa refize alokasyon sa yo.

Nou ofri Règleman Èd Finansye, Aplikasyon e Rezime Règleman nan lang sa yo:

Anglè, Panyòl, Kreyòl (Disponib sou demann oswa sit wèb nou an) – <https://www.stamhealth.org>

Independent Providers who may not participate in our Financial Assistance Program:

Kèk doktè, klinisyen oswa radyològ, Anestezis, patolojis, Sèvis Anbilans ak kèk Chirijyen ki ede nan swen ou nan Sante Stamford ki pa ka patisipe nan Pwogram Èd Finansye nou an. Pou jwenn yon lis nan founisè sa yo, tanpri vizyone oswa telechaje règleman FAP nou an oswa kontakte nou nan (203) 276-7572.

Fon pou Kabann Gratis

Ou ka kalifye pou resevwa fon pou kabann gratis ki gen restriksyon yo bay lopital la pou tretman espesifik ak depatman yo. Ou ka kontakte nou nan (203) 276-7572 pou detèmine disponiblite.

Limit sou sa ou dwe peye:

Yo pap fè moun ki kalifye pou FAP yo peye plis pase kantite lajan yo jeneralman voye bòdwo bay moun yo bay swen ki gen pwoteksyon asirans.